



Chanjman klimatik ap fè Massachusetts ap vin pi cho, pi mouye ak pi ekstrèm.

Sezon lete nou ap vin pi cho epi vag chalè konn rive pi souvan ak pi danjere. Tanpèt pandan sezon lete ap vin pi fò. Gwo van ak gwo lapli kapab antrene inondasyon, pyebwa k ap tonbe ak pàn kouran.

Èske ou pare pou chalè ekstrèm?



Èske ou pare pou gwo loraj?



**Ou se moun ki pi byen plase pou ede tèt ou ak pwòch ou yo pare pou ijans**

## PRAN MEZI SA YO KOUNYE A POU W KAPAB PARE!

### 1 ETAP: FÈ YON PLAN ansanm ak moun lakay ou. Make enfòmasyon ou yo!

Pandan yon gwo tanpèt, yon kote an sekirite nou tout kapab ale anndan lakay nou se: \_\_\_\_\_

Si yon tanpèt fè sitiyasyon an danjere lakay la, nou pral kontre la a: \_\_\_\_\_

Si chalè a vin twòp lakay la epi nou bezwen rafrech, nou kapab ale la a: \_\_\_\_\_

Nou pral tcheke wè kijan moun sa yo ye pandan vag chalè oswa gwo tanpèt yo: \_\_\_\_\_

Si nou oblije kite lakay nou pandan yon ijans: \_\_\_\_\_

ap responsab pou bèt kay nou yo

ap responsab pou pran tisak ijans nou an

Pou fè yon plan ki pi detaye, al gade nan: [mass.gov/mema/ready](https://mass.gov/mema/ready)

### 2 ETAP: PREPARE YON TISAK POU IJANS

Pare pou yon ijans siyifi pou w gen pwòp manje w, dlo w ak lòt atik rezèv toujou ki ka dire pou omwen 3 jou.

☐ ZOUTI

☐ TISAK PREMYE SWEN

☐ SELILÈ AK CHAJÈ

☐ KOPI DOKIMAN ENPÒTAN AK KAT IDANTITE YO, EPI LAJAN KACH

☐ ATIK REZÈV POU BÈT KAY

☐ PWODUI IJYÈN PÈSONÈL



☐ FLACH AK PIL ANPLIS

☐ MEDIKAMAN

☐ MANJE

☐ MANJE EPI FÒMIL POU TIBEBE

☐ RADYO

☐ DLO

Pou jwenn lis konplè a, al gade nan: [mass.gov/info-details/build-an-emergency-kit](https://mass.gov/info-details/build-an-emergency-kit)

### 3 ETAP: ENSKRI POU RESEVWA ALÈT IJANS.



RESEVWA ALÈT IJANS  
TEKSTE FRAMINGHAM BAY 38276

### 4 ETAP: EDE ZANMI AK VWAZEN YO PARE!

Pataje mezi preparasyon sa yo ak zanmi epi vwazen w yo.

Jwenn plis enfòmasyon:

[FraminghamMA.gov/ReadyFramingham](https://FraminghamMA.gov/ReadyFramingham)

